



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 230 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANTÈ POU NOUYOKÈ YO NAN MWA OKTÒB LA

*Tout fwaye SNAP yo pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm  
Plis pase 2 milya dola nan avantaj siplemantè te distribiye jiskaprezan ane sa a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a ap resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize pou mwa oktòb la. Tout fwaye k ap patisipe nan SNAP - sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòm - pral resevwa alokasyon siplemantè pita nan mwa sa a, sa ki pral mennen nan yon enjeksyon anviwon 230 milyon dola finansman federal nan ekonomi eta a.

"Pandan moman san parèy sa a, amezi n ap kontinye konbat yon kriz sante publik, nou dwe asire okenn Nouyòkè pa oblige soufri grangou ak ensekirite alimantè", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan sipòte avantaj alimantè yo pandan moman difisil sa a, n ap ede asire tout moun nan eta a jwenn èd ki nesesè anpil pou yo kapab siviv, ede tèt yo ak fanmi yo epi reyisi".

Sipleman èd ijans lan pral bay ak fwaye yo ki pa nòmalman resevwa alokasyon maksimòm ki otorize chak mwa nan SNAP - yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York (New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ki administre li. Fwaye sa yo ki deja toupre oswa nan nivo maksimòm avantaj la pral resevwa yon peman siplemantè omwen \$95.

Fwaye SNAP yo nan tout konte andeyò Vil New York yo ta dwe kòmanse wè afich avantaj sa yo apati semèn sa a, ki pwolonje jiska 21 oktòb. Fwaye SNAP sa yo k ap viv nan rejjyon senk konte Vil New York la ta dwe wè avantaj pa yo ki afiche ant 18 oktòb ak fen mwa a.

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa svi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Nouyòkè ki gen difikilte yo kontinye depann de SNAP la anpil pandan pandemi COVID-19 la kontinye afekte lavi chak jou. Efektif out 2021, te gen plis pase 2.79 milyon benefisyè SNAP toupatou nan eta a.

Chak dola ki envesti nan avantaj alimantè yo kapab jenere jiska 1.54 dola nan aktivite ekonomik, dapre yon [etid federal ki mezire enpak SNAP sou ekonomi Etazini an](#). Etid la te jwenn tou ke 1 milya dola siplemantè ki envesti nan nouvo avantaj SNAP yo ka sipòte apeprè 13,560 travay nan tout peyi a.

**Komisè Egzekitif Adjwen OTDA, Barbara Guinn, te deklare**, "Anplis de soulajman ki nesesè anpil pou fanmi ak moun ki gen ensekirite alimantè atravè eta a, avantaj siplemantè sa yo ap bay yon bon kout pouz ak machann lokal nou yo. N ap kontinye travay avèk Gouvènè Hochul ak gouvènman federal la pou asire avantaj sa yo kontinye ede Nouyòkè yo pandan moman bezwen sa a".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplemantè SNAP pou ka dijans yo, ansamn ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, vizite [otda.ny.gov/SNAP-COVID-19](#). Nouyòkè yo kapab verifye si yo elijib pou SNAP epi aplike sou entènèt lè yo ale sou [mybenefits.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418